Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON YO NAN ADMINISTRASYON AN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nouvèl nominasyon yo nan administrasyon li an.

"Chak moun sa yo pote yon konesans apwofondi ak anpil eksperyans ki pral yon trè gran avantaj pou moun ki nan eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou gen yon ekip fenomenal an plas epi nouvo moun sa yo n ap ajoute la pral jwe yon wòl entegral pou fè vanse ajanda pwogresif anbisye nou an epi pote menm plis rezilta nan ane k ap vini an."

Li nonmen **Reuben McDaniel, III** kòm Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY). Mesye McDaniel te travay pandan plis pase 30 tan nan sektè sèvis finansye a. Mesye McDaniel te okipe pòs Direktè Jeneral pou konpayi sèvis finansye Raymond James lan. An 2011, li te fonde RM Capital Management, Inc., ki se yon konpayi anrejistre ki bay konsiltasyon sou envestisman ki te jere plis pase 50 milyon dola an aktif. Mesye McDaniel te okipe fonksyon Prezidan Komisyon Lekòl Piblik Atlanta a tou (Atlanta Public School Board) kote l te dirije yon gwoup elektè divèsifye epi li te sèvi kòm yon pòt-pawòl pou kominote paran yo. Epitou, Mesye McDaniel te elve konpayi envestisman Maynard Jackson lan, Jackson Securities, LLC, vin gen notoryete nasyonal antanke Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral pandan plis pase 11 zan. Mesye McDaniel te resevwa yon Diplòm Lisans (Bachelor's degree) nan ekonomi ak matematik nan University of North Carolina at Charlotte ak yon Metriz nan Finans nan University of Texas nan Austin.

Li te nonmen **Joseph Rabito** kòm Sekretè Adjwen Egzekitif pou Gouvènè a. Avan, Mesye Rabito te okipe pòs Chèf Enfòmasyon Pa Enterim nan Biwo Enfòmasyon ak Sèvis Teknoloji Eta a (State Office of Information Technology Services), Sekretè Adjwen pou Zafè Entègouvènmantal yo ak Direktè Adjwen Operasyon Eta a yo. An Fevriye 2011, Gouvènè Cuomo te nonmen Mesye Rabito kòm Komisè Egzekitif Adjwen nan Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York. Avan l te travay nan OGS, Mesye Rabito te Komisè Adjwen pou Devlopman Kominotè nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) New York la. Avan nominasyon li nan HCR, Mesye Rabito te okipe pòs Komisè Devlopman ak Planifikasyon pou Vil Albany, ak nan gouvènman federal la pou Andrew Cuomo ki te Sekretè lè sa nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an.

Li te nonmen **Norman Birenbaum** kòm Direktè Pwogram Marigwana yo (Cannabis Programs). Avan, Mesye Birenbaum te okipe pòs Direktè Reyalizasyon pou Biwo

Règleman Marigwana (Office of Cannabis Regulation) Rhode Island lan (Rhode Island Office of Cannabis Regulation), kote l te sipèvize règlemantasyon, administrasyon ak aplikasyon pwogram marigwana medikal ak chanv endistriyèl eta a yo. Epitou, Mesye Birenbaum te yon anplwaye Gouvènè Rhode Island lan, Gina Raimondo, kote l te travay sou pwomilgasyon refòm nan pwogram marigwana medikal eta a epi li te achitèk an chèf efò administrasyon an te fè pou legalize itilizasyon marigwana pou adilt. Mesye Birenbaum se yon kowòdonatè lidè nan Tab Wond Regilatè yo (Regulators Roundtable) -ki se yon reyinyon ki fèt de fwa pa ane ki ransable regilatè marigwana eta, pwovensyal ak tèritoryal yo ki soti Etazini ak Kanada ki pèmèt regilatè marigwana yo pataje nouvèl tandans yo ki gen nan legalizasyon marigwana epi elabore pi bon pratik nan politik ak règleman marigwana yo. Mesye Birenbaum te resevwa yon Diplòm Lisans nan Syans Politik nan Boston College.

Li te nonmen **Kelli Owens** kòm Direktris Egzekitiv Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence) Eta a. Madam Owens te antre nan ajans lan apre l te okipe pòs Direktris Zafè Fanm yo (Women's Affairs) pou Gouvènè a depi 2017. Avan li te rejwenn administrasyon an, Madam Owens te Vis Prezidant Zafè Ekstèn yo pou Defansè Planifikasyon Familyal/Defansè Parantalite Planifye nan New York (Family Planning Advocates/Planned Parenthood Advocates of New York). Avan l te travay nan Planned Parenthood, li te okipe pòs Direktris Politik Piblik pou YWCA Nòdès yo. Madam Owens te resevwa yon Diplòm Lisans nan Syans Politik nan Utica College of Syracuse University, epi li te fè pwojè etid siperyè nan Maxwell School at Syracuse University.

Li te nonmen **Emily Kadar** kòm Direktris Zafè Fanm yo (Women's Affairs). Avan, Madam Kadar te pase setan nan Enstiti Nasyonal pou Sante Repwodiktiv la (National Institute for Reproductive Health, NIRH) ak Fon Aksyon NIRH la (NIRH Action Fund), pi resaman li te okipe fonksyon Direktris Prensipal Zafè Politik ak Gouvènman (Political and Government Affairs). Nan fonksyon sa a, li te defann ajanda politik New York NIRH la epi li te travay pou l sekirize adopsyon Lwa Sou Sante Repwodiktiv la (Reproductive Health Act) an 2019. Madam Kadar te manm ekip relasyon gouvènman federal la nan Sant Dwa Repwodiktif la (Center for Reproductive Rights) epi li te mobilize jèn militan yo nan Fondasyon Majorite Feminis lan (Feminist Majority Foundation). Madam Kadar te resevwa yon Diplòm Lisans nan Politik ak Istwa nan Brandeis University.

Li te nonmen **Rebecca Wood** kòm Konseyè Espesyal Adjwen Gouvènè a. Avan, Madam Wood te okipe pòs Avoka Jeneral ak Direktris Lejislativ pou Asosyasyon Avoka Pledan Eta New York la (New York State Trial Lawyers Association), kote l te elabore plizyè pwotokòl pou sipòte ak opoze lejislasyon ak dispozisyon bidjè yo, ki gen ladan pwopozisyon k ap afekte sekirite pasyan yo, swen sante, pwopozisyon sou dedomajman medikal ak neglijans pwofesyonèl yo, ak lòt sijè responsablite sivil yo. Madam Wood te okipe pòs Premyè Konseyè Adjwen pou Majorite Sena New York la (New York Senate Majority) pandan plis pase dezan kote l te elabore ak negosye lejislasyon avèk branch Egzekitif la ak Asanble a, ki gen ladan kreyasyon pwogram Konje Familyal Peye New York la (New York Paid Family Leave), ogmantasyon salè minimòm lan, refòm Asirans pou Aksidan Travayè yo (Workers Compensation), ak Dispozisyon Achte Pwodui ki Fabrike Ozetazini yo (Buy American) pou pwomouvwa sektè fabrikasyon anndan peyi a. Madam Wood te resevwa yon Doktora an Dwa nan Fakilte Dwa Albany an (Albany Law School), yon Metriz nan Administrasyon Antrepriz

(MBA) nan Union Graduate College, ak yon Diplòm Lisans nan Administrasyon Antrepriz ak Syans Politik nan SUNY Albany.

Li te nonmen **Jillian Faison** kòm Konseyè Adjwen pou Sèvis Imen yo. Pi resaman, Madam Faison te okipe pòs Direktè Lejislasyon ak Zafè Entègouvènmantal nan Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) Eta New York la, kote l te responsab zafè entègouvènmantal ajans lan onivo tout eta a nan domèn swen timoun, jistis jivenil, byennèt timoun ak sèvis pwoteksyon granmoun yo. Epitou, Madam Faison te okipe pòs Direktris Zafè Gouvènmantal Eta New York yo pou Housing Works, kote l te travay pou l sekirize reyalizasyon plan direktè Mete Fen nan Epidemi (Ending the Epidemic) Gouvènè Cuomo te elabore pou elimine epidemi VIH la nan eta a apati 2020. Antanke pwokirè konte adjwen pou Konte Albany, li te kreye Pwojè Kwasans lan ("Project Growth") pou ede jèn delenkan yo peye viktim yo restitisyon pandan y ap aprann konpetans pwofesyonèl, epi antanke yon Reprezantant Lejislativ Prensipal pou Federasyon Pwofesè Ini yo (United Federation of Teachers), Madam Faision te ede genyen viktwa nan lit pou konje familyal peye ak yon salè minimòm 15 dola. Madam Faison te resevwa yon Diplòm Lisans nan Syans Politik nan SUNY Albany ak yon Doktora an Dwa nan fakilte dwa Penn State Dickinson School of Law.

Li te nonmen **Paul Midey** kòm Konseye Adjwen pou Transpò. Mesye Midey te okipe pòs Konseye nan Sena Eta New York la pandan sizan, kote l te travay kòm Konseye Prensipal nan Biwo Konseye Majoritè ak Pwogram lan (Office of Majority Counsel and Program) pandan youn nan ane sa yo. Nan Sena a, Mesye Midey te negosye adopsyon ak reyalizasyon anpil gwo inisyativ lejislativ, ki gen ladan pwolonjman ak refòm Pwogram Netwayaj Sit Endistriyèl Dezafekte yo (Brownfield Cleanup Program), 2.5 milya dola Lwa sou Enfrastikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act) ak 830 milyon dola Plan Daksyon Otorite Transpò Metwopoliten an (Metropolitan Transportation Authority) gen pou Subway Vil New York la (NYC Subway Action Plan). Mesye Midley te resevwa yon Diplòm Lisans nan Syans Politik ak yon Doktora an Dwa nan Syracuse University.

Li te nonmen **Craig Herskowitz** kòm Konseye Adjwen pou Gouvènè a pou Fiskalizasyon ak Sèvis Finansye. Mesye Herskowitz vin avèk plis pase 12 zan eksperyans legal nan sektè piblik ak prive yo, kote l te konsantre sou pwosè federal, konfòmite, ankèt finansyè ak konfiskasyon byen. Avan, Mesye Herskowitz te travay kòm avoka nan Divizyon Jistis Kriminèl (Criminal Division) nan Depatman Jistis Etazini an (U.S. Department of Justice). Nan fonksyon l nan Seksyon Nakotik ak Dwòg Danjre yo (Narcotic & Dangerous Drug Section) ak nan Seksyon Konfiskasyon Byen ak Blanchiman Lajan an (Asset Forfeiture & Money Laundering), ka Mesye Herskowitz te travay sou yo gen ladan pouswit trafikan dwòg yo ak ede viktim krim yo rekipere pèt finansyè yo, tankou sila yo te eskwoke nan sistèm Ponzi Madoff la ak eskandal Enron an. Li te kòmanse karyè l kòm yon avoka nan Inite Konfiskasyon Legal la (Legal Forfeiture Unit) nan Biwo Ankèt Federal la (Federal Bureau of Investigation). Mesye Herskowitz te travay tou nan Divizyon Konfòmite Krim Finansye Global la (Global Financial Crimes Compliance Division) nan JPMorgan Chase. Mesye Herskowitz te resevwa yon Diplòm Lisans nan Kominikasyon, Enstitisyon Legal, Ekonomi ak Gouvènman nan American University ak yon Doktora an Dwa nan fakilte dwa Quinnipiac University School of Law.

Li te nonmen **Joshua Norkin** kòm Konseye Adjwen pou Dwa a Lojman ak Dwa Sivil (Housing and Civil Rights). Mesye Norkin pote eksperyans nan zafè lojman, imigrasyon ak sijè ki gen rapò ak refòm lwa kriminèl yo. Pi resaman, Mesye Norkin te travay pou Inite Pwosè Espesyal (Special Litigation Unit) Legal Aid Society, kote l te fondatè ak Kowòdonatè Pwojè pou Pwojè Retire nan Prizon an (Decarceration Project), ki se yon modèl yo rekonèt onivo nasyonal yo itilize nan kad efò defans yo epi ki te gayan prim Rekonesans Pwojè Defans Endijan Egzanplè (Exemplary Indigent Defense Project Recognition) Asosyasyon Bawo Ameriken an (American Bar Association) pou ane 2017 la. Avan, Mesye Norkin te travay kòm Avoka Apèl Adjwen pou Biwo Apèl Kriminèl (Criminal Appeals Bureau) Legal Aid Society a, ak yon Avoka Anplwaye nan Kabinè Defans Kriminèl (Criminal Defense Practice) Legal Aid Society a nan biwo pledan yo gen nan Bronx lan. Mesye Norkin te resevwa yon Diplòm Lisans nan Istwa Mondyal/Syans Politik nan SUNY Albany ak yon Doktora an Dwa nan fakilte dwa Sturm College of Law, Denver University.

Li te nonme **Jill Starishevsky** kòm Konseyè Adjwen pou Sekirite Piblik. Avan l antre nan Chanm Egzekitif la, Madam Starishevsky te travay kòm Adjwen Prensipal pou Pwosè pou Biwo Pwokirè Distri Konte Bronx lan. Pandan de deseni l t ap travay na Bronx lan, Madam Starishevsky te pouswiv anpil milye ka lajistis epi li te konsakre karyè li a chachè jistis pou viktim abi timoun yo ak krim seksyèl yo. Li te prezante anpil konferans epi li se otè liv "Kò m se pou mwen" ('My Body Belongs to Me'), ki se yon liv ak videyo anime pou timoun ki edike timoun ki nan laj ant 3 a 8 tan yo sou prevansyon abi seksyèl sou timoun yo. Madam Starishevsky te resevwa yon Diplòm Lisans nan University of Massachusetts ak yon Doktora an Dwa nan Fakilte Dwa Benjamin N. Cardozo.

Li te nonmen **Valerie Lubanko** kòm Konseye Adjwen pou Gouvènman Lokal. Avan nominasyon sa a, Madam Lubanko te okipe pòs Konseyè Chanm Egzekitif Lwa sou Libète Enfòmasyon (FOIL) Eta New York la. Nan fonksyon sa a li te trete, revize ak jere demann FOIL yo soumèt devan Chanm Egzekitif la, epi li te prezante rekòmandasyon legal bay manm Chanm Egzekitif la yo konsènan Lwa sou Ofisye Piblik Eta New York la (New York State Public Officers Law). Madam Lubanko te travay tou kòm Premyè Konseyè Adjwen Kòporasyon pou Vil Albany pandan twazan, ak yon Pwokirè Adjwen Minisipal pou Vil Colonie pandan dezan. Madam Lubanko te resevwa yon Diplòm Lisans nan Lang Anglè nan Mount Holyoke College ak yon Doktora an Dwa nan Fakilte Dwa Albany an.

Li te nonmen **Jane Wiesenberg** kòm Konseyè Politik pou Devlopman Ekonomik. Avan, Madam Wiesenberg te okipe pòs Direktris Pwogramasyon pou Senatè New Jersey a, Cory Booker. Avan sa menm, Madam Wiesenberg te travay kòm Analis Finansyè Piblik nan Citigroup, kote l te elabore modèl estriktirasyon obligasyon yo pou kliyan emetè minisipal yo epi li te ede devlope modèl fliks trezoreri yo pou tranzaksyon Akò Tritizasyon Tabak yo (Tobacco Settlement Securitization) an rapò ak Akò Règleman Prensipal la (Master Settlement Agreement). Madam Wiesenberg te resevwa yon Diplòm Lisans nan etid Gouvènman nan Colby College.

Li te nonmen **Benning DeLaMater** kòm Direktè Kominikasyon Adjwen pou Sekirite Piblik. Avan, Mesye DeLaMater te travay kòm Fonksyonè Enfòmasyon Piblik nan

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, yon Konferansye Pwofesyonèl nan Zafè Laprès nan University at Albany ak yon jounalis pou plizyè jounal toupatou nan New York ak Massachusetts. Mesye DeLaMater te resevwa yon Diplòm Lisans nan Istwa nan SUNY Albany ak yon Metriz nan Laprès Enprime nan Fakilte Kominikasyon Piblik S.I. Newhouse la nan Syracuse University.

Li te nonmen **Kyle Kotary** kòm Direktè Kominikasyon Adjwen pou Depatman Sante ak Ijyèn Mantal la. Pi resaman, Mesye Kotary te okipe pòs Direktè Administratif ak Finansye pou Hospice & Palliative Care Inc. epi avan sa a, li te Direktè Zafè Ekstèn, Sansibilizasyon ak Maketin nan New York State of Health. Mesye Kotary te pase prèske twa deseni nan fonksyon kad siperyè onivo gouvènman federal, eta a ak lokal. Mesye Kotary te resevwa Diplòm Lisans nan etid Gouvènman ak Ekonomi nan Hamilton College ak yon Metriz nan Administrasyon Piblik nan Fakilte Sitwayènte ak Zafè Piblik Maxwell la nan Syracuse University.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU